

LEKÒL BOSTON GREEN ACADEMY HORACE MANN CHARTER SCHOOL

PLAN KONTRANDI

| Lekòl Boston Green Academy Horace Mann Charter School | | | |
|--|-----------------|--|---------------------------|
| Tip charter a (kontra a) (Commonwealth oswa Horace Mann) | Horace Mann III | Lokal la | Boston |
| Rejyonal oswa Pa Rejyonal | Pa Rejyonal | Distri nan rejyon an | Boston |
| Ane l te ouvri | 2011 | Ane l te renouvle | 2016, 2021 |
| Enskripsyon Maksimòm | 595 | Echèl klas anba charter a (anba kontra a) | Klas 6yèm jiska 12yèm ane |
| Deklarasyon misyon : Lekòl Boston Green Academy akeyi divès elèv ki gen divès abilte, e li edike e ekipe yo pou yo reyisi nan inivèsite ak nan karyè pwofesyonèl yo, e li prepare yo pou yo kapab mennen efò dirabilite kominote nou an ak mond lan. | | | |

| |
|--|
| <p>Divès Eleman Konsepsyon Kle (avèk divès sitasyon ant parantèz nan paj ki sot nan fòmilè demann charter a/kontra a oswa amandman [modifikasyon] charter a) :</p> <ol style="list-style-type: none"> 1) Prepare elèv yo pou siksè nan inivèsite (nan college) ak karyè yo (deklarasyon misyon an, modifye an 2015). 2) Prepare elèv pou yo kapab lidè nan dirabilite kominote nou ak lemond (deklarasyon misyon an, modifye an 2015 ak fòmilè demann charter a, p. 2 ak 6). 3) Akeyi e enskri yon gwoup elèv divèsifye (deklarasyon misyon an, modifye an 2015 ak demann charter a, p. 3) 4) Founi yon anviwònman skolè ki teni kont chòk sikolojik (demann charter a, p. 4) |
|--|

Lekòl charter a pran agajman pou l satisfè Kritè 1 jiska 10, jan sa dekri nan Kritè Pèfòmans Lekòl charter a.

| | |
|---|---------------------------|
| Dat aprobasyon preliminè depatman an : | 02 novanm, 2021 |
| Dat aprobasyon konsèy administrasyon an : | 02 novanm, 2021 |
| Dat aprobasyon sendika pwofesè Boston an (Boston Teachers Union) : | 14 avril, 2022 |
| Dat aprobasyon Komite Skolè Boston an : | N ap detèmine sa pi devan |

Massachusetts Department of Elementary and Secondary Education (Depatman Edikasyon Elemantè ak Segondè Massachusetts)

| | |
|--------------------------------------|---------------------------|
| Dat aprobasyon departman an : | N ap detèmine sa pi devan |
|--------------------------------------|---------------------------|

Objektif ak Mezi ki anrapò a Misyon an ak Divès Eleman Konsepsyon Kle (obligatwa) :

| | |
|--|---|
| Objektif (pou Eleman Konsepsyon Kle [KDE] 1) : Lekòl Boston Green Academy ap edike e bay elèv yo kapasite pou yo reyisi nan inivèsite ak karyè yo. | |
| Mezi : Pousantaj tout elèv ki diplome nan lekòl BGA ak elèv diplome BGA sila yo ki elèv ki gen anpil bezwen ki ale nan enstitisyon etid siperyè, jan ke Done Nasyonal Clearinghouse sou Elèv yo (National Student Clearinghouse) mezire sa, ke DESE rapòte, va depase 70% chak ane. | <p>Done n ap gen pou n rapòte :</p> <ul style="list-style-type: none"> ● Pousantaj ak kantite diplome lekòl BGA ki ale nan enstitisyon etid siperyè ● Pousantaj ak kantite diplome lekòl BGA ki elèv ki gen anpil bezwen ki ale nan enstitisyon etid siperyè ● Done « National Student Clearinghouse » yo, jan pwofil DESE yo rapòte sa chak ane (elèv diplome sila yo ki ale nan etid siperyè). <p>Plan pou koleksyon done yo :</p> <ul style="list-style-type: none"> ● Direktè Teknoloji a va kolekte e rapòte divès done ki sot nan sit entènèt DESE a chak ane |
| Mezi : Chak ane nan klas 6yèm jiska 11yèm ane nan ni ELA (Gramè ak Literati Angle) ak ni Matematik, elèv lekòl Boston Green Academy ap atenn yon Santil Kwasans Elèv (« Student Growth Percentile – SGP ») de 50, oswa pi wo, nan evalyasyon « STAR 360 » a. | <p>Done n ap gen pou n rapòte :</p> <ul style="list-style-type: none"> ● Santil Kwasans Elèv yo an mwayèn, selon nivo klas yo, pou ni matematik ni gramè/literati angle (ELA) nan divès evalyasyon fòmativ lekòl la (ki se « STAR 360 » aktyèlman, selon apwobasyon Plan Kontrandi an). <p>Plan pou koleksyon done yo :</p> <ul style="list-style-type: none"> ● Lidè Ansèyman lekòl BGA la ap kolekte e rapòte done yo |
| Mezi : Chak ane, tout elèv klas tèminal BGA yo ap resevwa yon mwayèn (60 e plis) nan yon staj k ap dire sis semèn k ap fini avèk yon pwojè nan jen dènye ane yo, sa ap enkli tout elèv klas tèminal ki fè pati pwogram Edikasyon Teknik e Pwofesyonèl la (CTE) | <p>Done n ap gen pou n rapòte :</p> <ul style="list-style-type: none"> ● Pousantaj ak kantite elèv klas tèminal lekòl BGA ki te konplete avèk siksè yon staj k ap dire sis semèn k ap fini avèk yon pwojè <p>Plan pou koleksyon done yo :</p> <ul style="list-style-type: none"> ● Y ap kreye e mentni avèk èd Biwo Inivèsite ak Karyè a ak èd Direktè Pwogram Ekolojik yo, chak ane |
| Objektif (pou Eleman Konsepsyon Kle [KDE] 2) : Lekòl Boston Green Academy ap prepare elèv yo pou yo lidè nan dirabilite kominote nou ak mond lan | |
| Mezi : Omwen 90% elèv lekòl BGA nan chak nivo klas, 6yèm jiska 11yèm ane, ap konplete avèk siksè, yon pwogram etid pwojè ekolojik konpoze de plizyè diferan etid, chak ane | <p>Done n ap gen pou n rapòte :</p> <ul style="list-style-type: none"> ● Pousantaj ak kantite elèv ki konplete avèk siksè yon pwojè ekolojik konpoze de plizyè diferan etid chak ane <p>Plan pou koleksyon done yo :</p> <ul style="list-style-type: none"> ● Direktè Pwogram Ekolojik la ap sipèviz travay la an patenarya avèk Direktè Teknoloji a |

| | |
|---|--|
| <p>Mezi : Chak ane, omwen 90% elèv ki konplete pwogram Syans Anviwònman Edikasyon Teknik e Pwofesyonèl (CTE) Chapti 74 lekòl BGA la ap resevwa divès kredi/kalifikasyon ke endistri yo sètifye pou karyè domèn ekolojik yo</p> | <p>Done n ap gen pou n rapòte :</p> <ul style="list-style-type: none"> ● Pousantaj ak kantite elèv Edikasyon Teknik e Pwofesyonèl yo (CTE) ki obteni divès kredi/kalifikasyon ke endistri yo sètifye chak ane <p>Plan pou koleksyon done yo :</p> <ul style="list-style-type: none"> ● Direktè Pwogram Ekolojik la ap sipèviz travay la an patenarya avèk Direktè Teknoloji a |
| <p>Objektif (pou Eleman Konsepsyon Kle [KDE] 3) : Lekòl Boston Green Academy ap akeyi elèv divès divèsifye ki gen tout kalite konpetans</p> | |
| <p>Mezi : Lekòl BGA ap enskri omwen 50% elèv ke Rapò Endikatè Avanse e Retade Lekòl Piblik Boston an defini kòm elèv ki « an danje ». Eitou enskripsyon elèv « ki gen anpil bezwen » nan lekòl BGA ap depase 50%, jan rapò an pwofil DESE sou afè enskripsyon an defini sa chak ane.</p> | <p>Done n ap gen pou n rapòte :</p> <ul style="list-style-type: none"> ● Kantite ak pousantaj elèv ki defini kòm elèv « an danje » ki enskri nan lekòl BGA <p>Plan pou koleksyon done yo :</p> <ul style="list-style-type: none"> ● Asistan Direktè Lekòl la ap kolekte e rapòte done yo chak ane |
| <p>Mezi : Chak ane, to elèv ki diplome nan 4 an ak 5 an pou elèv sila yo ki « gen anpil bezwen », ap nan yon perimèt dekalaj 5% parapò a to tout elèv yo antou.</p> | <p>Done n ap gen pou n rapòte : To elèv ki diplome nan 4 an ak 5 an ke DESE pibliye chak ane sou sit entènèt Pwofil yo a.</p> <p>Plan pou koleksyon done yo :</p> <ul style="list-style-type: none"> ● Direktè Teknoloji a va kolekte e rapòte yo sot nan sit entènèt DESE a chak ane |
| <p>Objektif (pou Eleman Konsepsyon Kle [KDE] 4) : Lekòl Boston Green Academy ap founi yon anviwònman skolè pou elèv yo ki teni kont chòk sikolojik</p> | |
| <p>Mezi : Tout manm pèsònèl sal de klas lekòl BGA yo ap itilize divès pratik ki teni kont afè chòk sikolojik nan sal de klas yo. Egzakteman 100% nan manm pèsònèl sal de klas lekòl BGA yo ap enpleman 5 R BGA yo, Machasiv Sekirite BGA yo, ak divès Pratik Komen BGA, jan vizit Tou Ansèyman nou yo mezire sa.</p> | <p>Done n ap gen pou n rapòte :</p> <ul style="list-style-type: none"> ● Pousantaj ak kantite manm pèsònèl sal de klas ki enpleman 5 R BGA yo, Machasiv Sekirite BGA yo, ak divès Pratik Komen BGA, pandan vizit Tou Ansèyman yo nan sezon prentan chak ane. <p>Plan pou koleksyon done yo :</p> <ul style="list-style-type: none"> ● Lidè ak ekip ansèyman an ap responsab pou koleksyon ak rapòtaj done yo |
| <p>Mezi : Chak ane, plis pase 90% elèv lekòl BGA ap rapòte ke yo santi yo an sekirite e ke yo resevwa sipò nan lekòl la nan Sondaj Klima Elèv Lekòl Piblik Boston an. Omwen 75% elèv ap reponn sondaj la.</p> | <p>Done n ap gen pou n rapòte :</p> <ul style="list-style-type: none"> ● Nou bay Sondaj Klima Elèv Lekòl Piblik Boston an chak ane, ak divès lòt sondaj siplemantè. To repons yo ak pousantaj repons an jeneral. <p>Plan pou koleksyon done yo :</p> <ul style="list-style-type: none"> ● Done ke Direktè Biwo Sipò pou Elèv la ak Direktè Teknoloji a kolekte |

Objektif ak divès Mezi ki anrapò a divilgasyon (obligatwa):

| Objektif : Lekòl Boston Green Academy ap yon modèl yon lekòl ekolojik e dirab, e l ap divilge meyè pratik bay lòt lekòl, òganizasyon, ak rezo nan sektè a | |
|--|---|
| <p>Mezi : BGA va pataje meyè pratik ekolojik avèk kominote elaji lekòl ekolojik yo e menm avèk sila yo ki pi lwen</p> | <p>Done n ap gen pou n rapòte :</p> <ul style="list-style-type: none"> ● BGA va jenere yon rapò divilgasyon divès pwogram ekolojik chak ane kòm pati rapò anyèl DESE a <p>Plan pou koleksyon done yo :</p> <ul style="list-style-type: none"> ● Direktè Pwogram Ekolojik BGA la ap kolekte done sa yo epi l ap pataje yo avèk DESE ak divès lòt pati enterese kòm pati rapò anyèl nou an |
| <p>Mezi : Lekòl BGA va pataje divès meyè pratik avèk Lekòl Piblik Boston, divès lòt lekòl parèy nan eta Massachusetts, ak yon rezo rejyonal ki konpoze de divès lekòl ekolojik/dirab chak ane</p> | <p>Done n ap gen pou n rapòte :</p> <ul style="list-style-type: none"> ● Manm pèsònèl lekòl BGA va patisipe nan divès opòtinite devlopman pwofesyonèl/opòtinite pataj ki anrapò a divès pratik ekolojik e dirab, omwen twa fwa pa ane <p>Plan pou koleksyon done yo :</p> <ul style="list-style-type: none"> ● Direktè Pwogram Ekolojik lekòl BGA la ap kolekte done sa yo epi l ap pataje yo avèk DESE ak divès lòt pati enterese kòm pati rapò anyèl nou an |